Орджоникидзейы бынмæ хъахъхъæнынадон тохты рæстæг цæттæгонд æрцыдысты æууæлтæ Майрамадаг æмæ Дзуарыхъæуы 'рдæм ныццæвынæн, стæй ныббырстæн.

7 ноябры, Цытджын Октябры 25 азы бон, Джызæлы 'рдæм алæгæрстой арæнхъахъхъæнæг училищейы 34-æм мото-фистæг сæрмагонд полкъ æмæ Орджоникидзейаг дивизийы арæнхъахъхъæнæг 26 полчъы цалдæр застава йæ. 10 ноябры кæронмæ уыдон суæгъд кодтой Джызæл æмæ бахæццæ сты Дæллаг Санибамæ. Советон æфсæдтæ æртыхстысты гитлерон къордтыл. Знаджы джызæйлаг къорды ныддæрæнæй ахицæн Фæскавказы фронты æфсæдты цæгатаг къорды хъахъхъæнынадон операци.

Орджоникидзейы бынмæ хæстыты советон æфсæдтæ равдыстой ныфс æмæ æхсар. Ам хъæбатырæй тох кодтой бирæ нациты æфсæддонтæ. 319-æм фистæг дивизийы хæстон архайды тыххæй раныхас кодта йæ уæды хæстон Лекъты Марат Григорийы фырт.

Лекъты М. Г.:

— Ирыстоны хæстытæ куыд цыдысты, уый тыххæй бæлвырд радзырдта контр-адмирал Цæлладжы-фырт. Мæнмæ гæсгæ, уый пайда кодта архивы документтæй, афтæ бæстон уыдис йæ раныхас.

Ныуусыл мæ зæгъын фæндæы, гитлеронтæ Кавказмæ кæй æрбалæгæрстой, уый æфсæнттыл тыххæй. Æз чиныгæн æрмæг куы æмбырд кодтон, уæд æрцыдтæн ахæм хатдзæгмæ, æмæ æфсон уыдысты вермахты архайдæн Ставкæйы æмæ Генералон штабы гуымиры рæдыдты-

музей, хуыздæр уынгыл нæвæрд æрцыд 319-æм дивизийы ном, сарæзтой ахъаззаджы цыртдзæвæн. Хæсты 100 ветераны бæрцæн лæвæрд æрцыд Æрыдоны æмæ районы хъæуты каддæйы гражданинты нæмттæ. Дивизийы ветерантæн ам вæййы фембæлдтытæ. Фæстаг фембæлд уыдис Уæлахизы 45 азы кадæн.

Салдатæй архайдта Кавказы хæстыты Алексей Михайлы фырт Бучукури А. М.

Бучукури А. М.:

— Æз службæ кодтон дыууæ дивизийы, 319-æм æмæ 376-æмы. Мæн фæнды Лекъты М. Г. ныччысыл бараст кæнын. Горæт Орджоникидзейы 400 адæймаджы æмæ хъæууон районтæй 400 адæймаджы æрбацыдысты 319-æм дивизимæ. Фæдæн дзы дыууæ къуырийы, стæй мæ арвыстой Горимæ 276-æм дивизимæ. Сæдыстæм уырдæм, фæрсынц нæ: уырыссагау чи зоны? Æз, зæгъын, зоны. Æмæ мæ арвыстой танкты ныхмæ хæцæг хицæн батальонмæ. Райсомы 5 сахатыл нæ фæлисæй авæрдтой машинæты æмæ аластой фронтмæ. Ам нæ дивизи хъæддыхæй архайдта горæт Орджоникидзе хъахъхъæныныл.

276-æм дивизи куыддæр рохуаты зайы, мыхуыр ын йæ хæстон сгуыхтдзинæдты кой нæ кæны. Фæлæ уыцы дивизийы тыххæй бирæ фыссынц Украинæйы. Уый фæстæ мах уыдыстæм фыццаг гвардион æфсады. Дивизи бахæццæ Прагæмæ. Æз Прагæмæ нæ бахæццæ дæн, фæлæ хæцыдтæн Сапун-хохы бын, фæдæн дзы тынг уæззау цæф. 1944 азы сыздæхтæн нæхимæ æмæ ахуыр кодтон дарддæр.

Майор М. А. Павленко кæмæн командæ кодта, уыцы гаубицæты артиллерион полчъы салдат уыдис Цæлыккаты Борис Алмахсинты фырт. Уый радзырдта артиллеристты хæстон архайды тыххæй.

Цæлыккаты Б. А.:

— Мах 93-æм артиллерион полкъ арæзт æрцыд Мæскуыйы облæсты Коломнæйы. Нæ полчъы фыццаг командир Воронов загъта, кæй нæ хъæуы кæнæ амæлын, кæнæ немыцаг танктæ бауромын. Бауромын хъуыдис Клейсты фыццаг танкджын æфсад.

Фыццаг эшелон 1942 азы 23 августы схæццæ Мæздæджы бынмæ. Мах æрлæууыдыстæм Терчы сæрты хиды раз. Æххуыс кодтам 8-æм фистæг бригады хæстон архайдæн. Корпусы нынæр танк дæр нæ уыд. Сармадзаны нæмгуытæ дзы уыдис тынг чысыл, немыцаг танкты ныхмæ цæмæй хæцыданккам, уый нæ уыд. Уыцы хæсты мæ къухы бафтыд иу танк фехалын. Сармадзаны командир мæ сахуыр кодта æмæ сдæн

Уый фæстæ ма бирæ зымдзинæдтæ бавзарын бахъуыд. Уæззау хæстытæ цыдысты Ставрополье æмæ Кубань суæгъд кæныныл. Мах тырнындтам афтæ кусынмæ, цæмæй медикты æххуысæй ну салдат дæр фыдбылызы ма бахауа.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст мыл ахицæн Чехословакийы, Прагæйы бынмæ.

Польшæ суæгъд кæныныл тохы æрхаудт уыдис отставкæйы булкъон А. Л. Ивашкевич.

А. Л. Ивашкевич:

— Мæнмæ æрхаудта революцийы авдæн — Ленинград хъахъхъæныны кад. Уыдтæн хицæн сгарæт батальоны штабы хицау, полчъы штабы хицау æмæ полчъы командир 42-æм æмæ 2-æм æфсæдты.

900 боны æмæ æхсæвы, дыууæ азы æмæ 'рдæджы бæрц лæууыдысты фашистон æфсæдтæ Ленинграды бынмæ, фæлæ йæ райсын сæ къухы нæ бафтыд. Æрхъула атоныны фæстæ, Вандæ Василевская сæ сæргъы, афтæмæй польшæйаг патриоттæ курдиатмæ гæсгæ мæн Ленинградаг фронтæй арвыстой польшæйаг æфсады 2-æм хицæн механизацигонд бригад аразынмæ.

Бригад, раздæр польшæйаг æфсады чи службæ кодта æмæ хæстон æгъдауæй хорз цæттæгонд чи уыд, афæм салдаттæ æмæ сержанттæй арæзт кæй цыд, уымæ гæсгæ мын бантыст 3 мæйы дæргъы йæ саразын. Уыдысты дзы дыууæ хицæн танкджын батальоны, мото-фистæг æфсады хицæн батальон, бæхджын æфсады эскадрон, хæдтæхджытæ ПО-2-ты звено æмæ танкты ныхмæ хæцæг артиллерион дивизион. Бригады бахъуыд бирæ горæттæ æмæ хъæутæ суæгъд кæныныл тох кæныны, фæлæ тæккæ уæззаудæр хæстытæ цыдысты Варшавæйыл, Кошелиныл, Кольберг æмæ Берлиныл.

Тынг æхсызгонæй лæууынц мæ зæрдыл бригады хæстонтæ. Уыдон уыдысты æгъдауджын, коммæгæс, хæстон æгъдауæй хорз цæттæгонд, хæцыдысты хъæбатырæй.

Уыцы бригады бастдзинады хицауы хæдивæгæй службæ кодта мæ ус Клавдия Михайлы чыг дæр — польшæйаг æфсады поручик.

Сæрыстыр дæн уымæй, æмæ польшæйаг æфсады нынæр мæ бригадæн лæвæрд æрцыд гвардион кадджын ном.

Ныхасæн кæронбæттæн сарæзта хæсты, фæллойы æмæ гæрзифтонг тыхты ветераны республикон советы сæрдар, отставкæйы инæлар-майор Хъæлыцты Солтан Джетæтæзы фырт.

Хъæлыцты С. Г.:

Æппæт хæсты рæстæг нацаты 'хсæн ницавæр быцæу-тæ рауад.

Æз хъуамæ зæрдæбын ныхас зæгъон хъæбатыр фæсчъылдымы тыххæй. Уый æнæфхицæнгæнæг уыдис фронтай — афæм у кæрæдзы хæсты æцæгдзинад. 1500 кыстуаты ласт æрцыдысты æндæр рæстæм. Кыстой фыды фыдæлтæ, мады мадæлтæ, 10—13-аздзыд сывæллæттæ. Æмæ Сибæсæны арæзт æрцыд хæхæнæгæнæн пропаганд-ности. Искуыдæр-ма æруадзæн уыдис уымæн, æмæ æфсад иунæг бон дæр æнæхойраг, уæлæ-æмæ нъахидарæсæй баззайа, уымæн!

Нæ мыхуыры тынг бирæ ныхас цæуы мах знаны тыххæй. Афтæ нæ зæгъынмæ хъавынц, æмæ мах знагыл фæуæлахиз стæм бæрцæй. Уыцы мæнг ныхæстæ, хъæуынц нæ фæсивæды удыхъæд фехалыны, махмæ, хистæр фæлтæрмæ уæлдайдæр та хæсты архайджытæм зул цæстæй цæмæй кæсой, уый тыххæй.

Мах фæуæлахиз стæм бæрцæй нæ, фæлæ адæм хæстон хъуыддаг хорз кæй базыдтой, хæстон техникæйæ, хæцæнгарзæй сæхи фаг кæй сифтонг кодтой, хæцын кæй базыдтой, уый фæрцы æмæ ныддæрæн кодтой знаджы.

Зæгъын фæнды нæ Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнджыты ном мыггагмæ ныууадзыны фæдыл. Ам лыстæг хъуыддæгтæ нæй. Уырдæм хауынц чингуытæ уадзын, спектаклтæ æвæрын, кинонывтæ исын, уьонтыл нæмттæ æвæрын. Архайын хъæуы уыл, цæмæй аххæстгонд цæуой, нысангонд цыдæриддæр æрцыд, уымæтæ нуулæдзр, уымæн æмæ уымæ гæсгæ мах хъомыл кæнæм нæ советон адæмы æмæ нæ фæсивæды. Тæккæ ахсджиагдæр у ветераны архайд чиныг «Зæрдылдæн» рауадзыны хъуыддаджы.

Уæлахизы 45 азы бонмæ цыдæриддæр нысангонд æрцыд, уыдæттæ нуулæдзр хъуамæ конд æрцæуой организацион æмæ идейон æгъдауæй тæккæ хуыздæр.

«Тымбыл стъолы» уæлхъус нысасы ма уыдысты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ: Советон Цæдисы Хъæбатыр Григорий Силиверсты фырт Окунев, отставкæйы булкъон Абайты Михаил Константины фырт, отставкæйы капитан Джыккайты Хъазыбег Реускойы фырт, отставкæйы майор Цъебойты Хасан Цорайы фырт æмæ æндæртæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæ фæсидтысты журналисттæм газеты фæрстыл цард раст æвдисынц тох кæнынмæ, цæмæй ахъаз уой нæ фæсивæдыл тыхджын патриотон æмæ интернационалон æнкъарæнтæ æфтауынæн.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы 1989 АЗЫ АДÆМЫ ÆППÆТЦÆДИСОН СФЫСТЫ ФÆСТИУДЖЫТÆ

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ СТАТИСТИКÆЙЫ РЕСПУБЛИКОН УПРАВЛЕНИЙЫ ХЪУСЫНГÆНИНАГ

1989 азы 12 январы онг республикæйы æппæт цæрджытæ нымæц сбæлвырдгонд бæрæггæнæнтæм гæсгæ уыдис 634,0 мин адæймаджы, уыдонæй горæтæгтæ 436,2 мины, хъæуккæгтæ — 197,8 мин адæймаджы.

1979 азы сфысты фæстæ цы 10 азы рацыд, уыдоны дæргъы республикæйы цæрджытыл бафтыд 37,1 адæймаджы, кæнæ 6,2 процены. Адæмы нымæцыл æфты сæйрагдæр сывæллæттæ гуырыны фæрцы.

Адæмы нымæц кæй фæфылдæр, уымæ гæсгæ республикæйы зæххыл цæрынц æнгомдæрæй. 1970 азы 1 квадратон километрыл цардис 69 адæймаджы, 1979 азы — 75, 1989 азы — 79 адæймаджы. Адæм тæккæ фылдæр цæры Рахизфарсы районы — 1 кв. км 112 адæймаджы, Мæздæджы районы — 72, Æрыдоны районы — 60, Горæтгæрон районы — 52 адæймаджы.

Горæттæ æмæ районты адæмы нымæц фендæрхуызон мæнæ афтæ:

	1979 аз			1989 аз			1989 аз 1979 азмæ % гæсгæ		
	Æдæппæтæй, мингай адæймæгтæ	уынмæ: горæтæгтæ	уынмæ: хъæуккæгтæ	Æдæппæтæй, мингай адæймæгтæ	уынмæ: горæтæгтæ	уынмæ: хъæуккæгтæ	Æдæппæтæй, мингай адæймæгтæ	уынмæ: горæтæгтæ	уынмæ: хъæуккæгтæ
Цæгат Ирыстоны АССР-йы	596,9	405,4	191,5	634,0	436,2	197,8	106	108	103
г. Орджоникидзе	293,1	289,1	4,0	315,8	311,4	4,4	108	108	103
Орджоникидзейы уынмæ	278,9	278,9	—	300,2	300,2	—	108	108	—
Ленины р-н	78,2	78,2	—	74,7	74,7	—	95	95	—
Промышленнон р-н	69,7	69,7	—	60,0	60,0	—	86	86	—
Советон р-н	131,0	131,0	—	165,5	165,5	—	126	126	—
Алагиры р-н	38,5	28,5	10,0	39,0	29,8	9,2	101	104	92
Æрыдоны р-н	22,8	12,9	9,9	22,7	13,5	9,2	99	105	93
Дзауры р-н	19,3	10,6	8,7	19,3	10,9	8,4	100	106	96
Æфсады р-н	17,3	—	17,3	15,7	—	15,7	91	—	91
Кировы р-н	19,6	—	19,6	20,0	—	20,0	102	—	102
Мæздæджы р-н	70,3	34,4	35,9	77,1	38,1	39,0	110	111	109
Рахизфарсы р-н	48,0	29,9	18,1	49,3	32,5	16,8	103	109	93
Горæтгæрон р-н	70,0	—	70,0	75,0	—	75,0	107	—	107

Горæтты цæрджытæ 1979 азимæ абаргæйæ фесты 30,8 мин адæймаджы фылдæр æмæ адæмы нумæйаг нымæц уыдис 68,8 процены. Республикæйы хъæуты цæрджытæ фесты 6,3 мин адæймаджы фылдæр, фæлæ адæмы нумæйаг бæрцы сæ хай фæцис 0,9 проценты къаддæр.

Сфысты рæстæг хыгъды æвæрд æрцыд 340,3 мин сылгоймаджы æмæ 293,7 мин нæлгоймаджы. Республикæйы цæрджыты нумæйаг нымæц фылдæр кæнгæйæ, нæлгоймæгтыл æфты тагъддæр. 1959 азимæ абаргæйæ, 1989 азы нæлгоймæгтыл бафтыд 45 проценты, сылгоймæгтыл та 37 проценты. 1000 нæлгоймаджы хыгъдмæ 1959 азы хаудта 1219 сылгоймаджы, 1970 азы — 1179, 1979 азы — 1149, 1989 азы — 1158.

Нæлгоймæгты æмæ сылгоймæгты бæрц кæрæдзимæ уæлдай хæстæгдæр у Кировы районы, уым 1000 нæлгоймаджы хыгъдмæ хауы 1111 сылгоймаджы, æмæ Æрæфы районы — 1114. Сылгоймæгтæ уæлдай фылдæр сты Мæздæджы районы, уым алы 1000 нæлгоймаджы хыгъдмæ дæр ис 1187 сылгоймаджы, стæй горæт Орджоникидзейы — 1172.

Сфысты рæстæг ну кæнæ иннæ зæххыл рæстæгмæ цæрджыты æмрæнхъ хыгъд цыдысты нудадзыг дзы цæрджытæ дæр. 1989 азы адæмы сфысты сæйраг бæрæггæнæнтæ арæзт æрцыдысты нудадзыг дзы цæрджытæм гæсгæ.

Нæ республикæйы нудадзыг цæрæг адæмы нымæц 1989 азы 12 январмæ уыдис 632,4 мин адæймаджы æмæ дзы цы адæм цардис, уымæй уыдис 1,6 мин адæймаджы, кæнæ та 0,3 процены къаддæр.

Дæлдæр хаст бæрæггæнæнтæ лæвæрд цæуынц нудадзыг цæрæг адæммæ гæсгæ.

Айразмæйы сфыстимæ абаргæйæ, адæм сæ кармæ гæсгæ аивтой мæнæ афтæ:

	Мингай адæймæгтæ		% æппæт цæрджытæм гæсгæ	
	1979 аз	1989 аз	1979 аз	1989 аз
ЦИАССР-йы æппæт цæрджытæ	592,0	632,4	100,0	100,0
уынмæ: мæнæ ахæм харты:				
0—4 азы	48,1	55,5	8,1	8,8
5—9	47,4	52,6	8,0	8,3
10—14	50,8	50,8	8,5	8,0
15—19	61,8	51,1	10,4	8,0
20—24	52,3	49,1	8,8	7,8
25—29	41,3	51,2	7,0	8,0

1979 азимæ абаргæйæ, 1989 азы республикæйы 7,4 мины фылдæр фæцис, 4 азы онг кæуыл цæуы, ахæм сывæллæтты нымæц, уый баст у, фæстаг азты сывæллæттæ фылдæр кæй гуыры, уымæ 15 азæй 24 азы онг кæуыл цæуы, ахæм фæсивæды нымæц фæцис 13,9 мин адæймаджы къаддæр, 1965 азæй 1974 азы онг сывæллæттæ къаддæр кæй гуырыдис, уымæ гæсгæ, уыцы рæстæг къайад бакæныны кæрмæ хызтысты, хæсты азты æмæ хæстыфæстæйы фыццаг аз чи райгуырд, ахæм æрыгон адæймæгтæ.

80-æм азты адæм сæ кармæ гæсгæ уыдысты уæлдай хуыздæр фæллойхъом адæм фылдæр кæныны цæстæй кæсгæйæ, ахæмтæ фесты 1 мин адæймаджы фылдæр, кæд æмæ æппæт цæрджыты 'хсæн сæ нумæйаг бæрц цасдæр фæкъаддæр, уæддæр. Фылдæр кодта фæллойхъом карæй уæлдæр адæмы нымæц, бирæ чи цæры, ахæмтæ фесты фылдæр. 1979 азы 100-аздзыд æмæ уымæй хистæр адæймæгтæ уыдис 173, 1989 азы — 369.

Республикæйы фæфылдæр, къайад чи бакодта, уыдоны нымæц. 1979 азы 253,3 минæй 269,8 мин адæймаджы онг. 16 азы æмæ фылдæр кæуыл цæуы, уыцы лæппутæ æмæ чызджыты къайады бацæуыны бæрæггæнæнтæ сты ахæм:

процентæй

	1979 аз		1989 аз	
	нæлгоймæгтæ	сылгоймæгтæ	нæлгоймæгтæ	сылгоймæгтæ
16 азы æмæ фылдæр кæуыл цæуы, æппæт уыцы адæм уынмæ:	100	100	100	100
къайады уæвджытæ къайады чи	65	53	65	53
никуы уыдис, уыдон	30	20	28	19
идæдзтæ	2	20	3	19
кæрæдзийæ чи ахицæн, ахæмтæ	3	7	4	9

Нæлгоймæгтимæ абаргæйæ, сылгоймæгтæй къаддæр æвæрд сты æппæт цæрджытæм гæсгæ 1979 азы 592,0 мингай адæймæгтæ, 1989 азы 632,4 мингай адæймæгтæ. Æппæт цæрджытæм гæсгæ 1979 азы 100,0 процент, 1989 азы 100,0 процент.

Æппæт адæм 632,4 — 100,0 — 96,0 — 58,5 — 0,7 — 0,9
ирæттæ 334,9 — 52,9 — 98,2 — 86,9 — 0,2 — 0,6
уырыссæттæ 189,2 — 29,9 — 99,9 — 0,04 — 1,5 — 0,7
мæхъæлæттæ 32,8 — 5,2 — 99,1 — 85,1 — 0,1 — 0,2
сомихæттæ 13,6 — 2,2 — 73,0 — 68,9 — 0,7 — 3,1
гуырдзæттæ 12,3 — 1,9 — 86,7 — 79,2 — 2,3 — 1,4
украинæттæ 10,1 — 1,6 — 55,4 — 49,7 — 1,0 — 7,6
хъуымыхъхъæттæ 9,5 — 1,5 — 98,0 — 77,3 — 0,1 — 0,5
кæстæттæ 2,8 — 0,4 — 78,3 — 70,8 — 1,6 — 2,7
дзуддæттæ 1,2 — 0,2 — 27,7 — 26,9 — 0,7 — 8,2
тæтæйрæгтæ 2,0 — 0,3 — 75,4 — 71,1 — 1,2 — 3,1
белорусæгтæ 1,8 — 0,3 — 47,0 — 44,4 — 0,7 — 8,4
цæцæйнæгтæ 2,6 — 0,4 — 95,0 — 86,2 — 0,3 — 1,2
азербайджайнæгтæ 1,7 — 0,3 — 74,2 — 67,6 — 3,0 — 2,8
цигантæ 1,5 — 0,2 — 98,7 — 74,9 — 0,1 — 0,3
грекъæгтæ 2,9 — 0,5 — 69,2 — 66,9 — 0,7 — 1,6
корейæгтæ 3,0 — 0,5 — 63,9 — 58,7 — 0,3 — 1,1
немыцæгтæ 3,1 — 0,5 — 58,8 — 52,1 — 0,5 — 0,9
æндæр нацитæ 7,4 — 1,2 — 72,5 — 68,3 — 2,0 — 0,2

	15 азы æмæ фылдæр кæуыл цæуы, ахæм 1000 адæймаджы хыгъдмæ		Адæмон хæдзарады чи кусы, ахæм 1000 адæймаджы хыгъдмæ	
	1979 аз	1989 аз	1979 аз	1989 аз
Ис сæм ахуыргонддзинад:				
уæлдæр	94	132	128	178
æнæххæст уæлдæр	29	28	17	20
астæуккаг сæрмагонд	134	199	177	254

Уæлдæр æмæ астæуккаг (æххæст æмæ æнæххæст) ахуыргонддзинад кæмæ ис, ахæм адæмы нымæц 1979 азы 318,5 минæй 1989 азы сырæзыд 393,3 мины онг кæнæ 23,5 проценты.

Дарддæр кæрæдзимæ хæстæгдæр кодта горæтаг æмæ хъæууон цæрджыты, нæлгоймæгты æмæ сылгоймæгты ахуырады уавæр, фæлæ кусæр сылгоймæгты ахуыргонддзинад у кусæг нæлгоймæгты ахуыргонддзинадæй иуцасдæр уæлдæр. Адæмон хæдзарады кусæг 1000 сылгоймаджы хыгъдмæ уæлдæр ахуыргонддзинад кæмæ ис, ахæмтæ ис 188, 1000 кусæг нæлгоймагæй уæлдæр ахуыргонддзинадимæ — 169, астæуккаг сæрмагонд ахуыргонддзинадимæ сылгоймæгтæ 305, нæлгоймæгтæ — 203.

Адæмы сфыст равдыста, нæ республикæйы кæй цæрынц 65 нацийы минæварæй фылдæр. Ирæттæ сты адæмы фылдæр хай (53 проценты). Иннæ адæмтæй уæлдай фылдæр сты уырыссæгтæ (30 проценты).

Хицæн нациты адæмы бæрц 1989 азы 12 январмæ

	Ну кæнæ иннæ нацийы адæмы нымæц (мингай адæймæгтæ)	Процентæй æппæт адæмы бæрцмæ	Кæцыдæр нацийы нумæйаг бæрцæй (проценттæй): сæ мадæлон æвзагыл нымайынц сæ нацийы æвзаг	Хорз зонынц ССР Цæдисы адæмты æвзæгтæй дыккаг: уырыссаг	ирон	æндæр
Æппæт адæм	632,4	100,0	96,0	58,5	0,7	0,9
ирæттæ	334,9	52,9	98,2	86,9	0,2	0,6
уырыссæттæ	189,2	29,9	99,9	0,04	1,5	0,7
мæхъæлæттæ	32,8	5,2	99,1	85,1	0,1	0,2
сомихæттæ	13,6	2,2	73,0	68,9	0,7	3,1
гуырдзæттæ	12,3	1,9	86,7	79,2	2,3	1,4
украинæттæ	10,1	1,6	55,4	49,7	1,0	7,6
хъуымыхъхъæттæ	9,5	1,5	98,0	77,3	0,1	0,5
кæстæттæ	2,8	0,4	78,3	70,8	1,6	2,7
дзуддæттæ	1,2	0,2	27,7	26,9	0,7	8,2
тæтæйрæгтæ	2,0	0,3	75,4	71,1	1,2	3,1
белорусæгтæ	1,8	0,3	47,0	44,4	0,7	8,4
цæцæйнæгтæ	2,6	0,4	95,0	86,2	0,3	1,2
азербайджайнæгтæ	1,7	0,3	74,2	67,6	3,0	2,8
цигантæ	1,5	0,2	98,7	74,9	0,1	0,3
грекъæгтæ	2,9	0,5	69,2	66,9	0,7	1,6
корейæгтæ	3,0	0,5	63,9	58,7	0,3	1,1
немыцæгтæ	3,1	0,5	58,8	52,1	0,5	0,9
æндæр нацитæ	7,4	1,2	72,5	68,3	2,0	0,2

Сфысты рæстæг нацийы æмрæнхъ хыгъды цыдысты мадæлон æвзаг æмæ адæм хорз кæй зонынц, ССР Цæдисы адæмты уыцы дыккаг æвзаг.

Цы бæрæггæнæнтæ ист æрцыд, уыдон æвдисынц, республикæйы цæрджыты 96 проценты сæ мадæлон æвзагыл кæй нымайынц сæхъ нацийы æвзаг, 4 проценты — ССР Цæдисы иннæ адæмты æвзæгтæ (1979 азы дæр уыдис ахæм уавæр). Фæфылдæр, уырыссаг æвзаг дыккаг æвзаг чи схуыдта, ахæм адæймæгты нымæц, 1979 азы — 314,2 мины (53 проценты), 1989 азы — 369,9 мин адæймаджы (58 проценты). Фæпарахатдæр ирон æвзаг иннæ нациты æвзæгтæй æмæ æнæхъæнæй у 3,8 адæймæгæй 1989 азы сфысты рæстæг нацийы мадæлон æвзаг ирон æвзаг æмæ адæм хорз кæнæ дыккаг æвзаг схуыдтой 332,6 мин адæймаджы, кæнæ 52,6 проценты, 1979 азы — 296,5 мин адæймаджы, кæнæ 50,1 проценты.

Адæмы сфысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ республикæйы нудадзыг цæрæг 632,4 мин адæймагæй 300,5 мины кæнæ 47,5 проценты уыдысты хъуыддагыл хæст, ома куыстуæтты, кусæндæтты, организацийты, колхозты, кооперативты кусджытæ; 127,4 мин адæймаджы дардта падзахад (пенсинсджытæ, стипендинсджытæ æмæ æндæрæ); 198,4 мины — хицæн адæймæгты дарынæгтæ (сæйрагдæр ахуырдзаутæ, скъолайы агъоммæйы сывæллæттæ).

кусджытæ	0,5		0,8
стипендинсджытæ	3,8		3,4
пенсинсджытæ æмæ маддзахад кæй дары, иннæ уыцы адæймæгтæ	14,7		16,8
хицæн адæймæгты дарынæгтæ	32,3		31,4
цæрæнхосты æндæр гуырæнтæ кæмæн ис æмæ сæ чи нæ бацамыдта, уыдон	0,1		0,1

Таблицæйæ куыд зыны, афтæмæй 1989 азы хъуыддаджы нымæц 48,6 процентæй æрхаудта 47,5 процентмæ.

Республикæйы æппæт адæмы нымæц 6,8 проценты фæфылдæр уæвгæйæ, куыстылæуд адæмы нымæц фæцис 4,5 проценты къаддæр. Куыстылæуд адæмы 'хсæн куыстхъом кары адæймæгтæ кусджытæ 0,8 проценты, стипендинсджытæ 3,4 проценты, пенсинсджытæ æмæ маддзахад кæй дары, иннæ уыцы адæймæгтæ 16,8 проценты, хицæн адæймæгты дарынæгтæ 31,4 проценты, цæрæнхосты æндæр гуырæнтæ кæмæн ис æмæ сæ чи нæ бацамыдта, уыдон 0,1 проценты.

Зымæг фылдæр фæцис, адæмон хæдзарады чи кусы, хистæр ахæм куыстхъом адæмы нымæц. Уыцы кары 1000 адæймагæй 238 сты куыстады, 1979 азы та уыдысты 146.

1989 азы адæмы сфысты фæдыл уæлдæр цы æрмæг æрхастам, уый æвдисы, 10 азы дæргъы нæй-ну нудадзыг цæрæг кæй æрцыд адæмæдзæф кæй æрцыд адæмæдзæф сæ нацийы æвзаг æмæ сæ æвзæгтæй æмæ сæ æвзæгтæй æмæ сæ æвзæгтæй

фтыд 45 проценты, сылгоймæгтыл та 37 проценты. 1000 нæлгоймаджы хыгъдмæ 1959 азы хаудта 1219 сылгоймаджы, 1970 азы — 1179, 1979 азы — 1149, 1989 азы — 1158.

Нæлгоймæгты æмæ сылгоймæгты бæрц кæрæдзимæ уæлдай хæстæгдæр у Кировы районы, уым 1000 нæлгоймæгтыл 1989 азы 12 январмæ уыдис 1,6 мин адæймаджы, кæнæ та 0,3 проценты къаддæр.

Дæлдæр хаст бæрæггæнæнтæ лæвæрд цæуынц нæ дзырдзыр цæрæг адæммæ æмæ дзы цы адæм цардис, уымæй уыдис 632,4 мин адæймаджы æмæ дзы цы адæм цардис, уымæй уыдис 1,6 мин адæймаджы, кæнæ та 0,3 проценты къаддæр.

Дæлдæр хаст бæрæггæнæнтæ лæвæрд цæуынц нæ дзырдзыр цæрæг адæммæ æмæ дзы цы адæм цардис, уымæй уыдис 1,6 мин адæймаджы, кæнæ та 0,3 проценты къаддæр.

Айразмæйы сфыстимæ абаргæйæ, адæм сæ кармæ æмæ æнтой мæнæ афтæ:

	Мингай адæймæгтæ		% æппæт цæрджытæм гæсгæ	
	1979 аз	1989 аз	1979 аз	1989 аз
ЦИАССР-йы æппæт цæрджытæ	592,0	632,4	100,0	100,0
уынмæ мæнæ ахæм карты:				
0—4 азы	48,1	55,5	8,1	8,8
5—9	47,4	52,6	8,0	8,3
10—14	50,8	50,8	8,5	8,0
15—19	61,8	51,1	10,4	8,0
20—24	52,3	49,1	8,8	7,8
25—29	41,3	51,2	7,0	8,0
30—34	28,5	46,7	4,8	7,4
35—39	37,2	40,5	6,3	6,4
40—44	46,5	27,3	7,9	4,3
45—49	38,3	36,0	6,5	5,7
50—54	37,1	42,7	6,3	6,8
55—59	22,6	35,8	3,8	5,7
60—69	43,3	51,7	7,3	8,2
70—79	26,5	29,0	4,5	4,6
80—89	7,5	10,5	1,3	1,7
90 азы æмæ хистæр	2,8	1,9	0,5	0,3
Æппæт адæмæй куыстхъом кары сты (нæлг. 16—59 азы сылг. 16—54 азы)	339,4	350,5	57,3	55,4
Адæмы рæстæмбис кар	33,0	33,7	—	—

80-æм азты адæм сæ кармæ гæсгæ уыдысты уæлдай хуыздæр фæллойхъом адæм

	проценттæй			
	1979 аз		1989 аз	
	нæлгоймæгтæ	сылгоймæгтæ	нæлгоймæгтæ	сылгоймæгтæ
16 азы æмæ фылдæр кæуыл цæуы, æппæт уыцы адæм уынмæ:	100	100	100	100
къайады уæвджытæ	65	53	65	53
къайады чи никуы уыдис, уыдон	30	20	28	19
идæдзтæ	2	20	3	19
кæрæдзийæ чи ахицæн, ахæмтæ	3	7	4	9

Нæлгоймæгтимæ абаргæйæ, сылгоймæгтæй къаддæр нс къайады уæвджытæ æмæ фылдæр идæдзтæ, стæй рахицæнуæвджытæ. Уый тынгдæр у, хистæр кары сылгоймæгты нымæц нæлгоймæгты нымæцæй фылдæр кæй у, уый фыдæй.

Сфыстыбæрæггæнæнтæм гæсгæ 576,6 мин адæймаджы кæнæ республикæйы æппæт цæрджыты 91,2 проценты цæрынц бинонтæй. Бинонты нымæц фæцис 1979 азæй 11,2 мины фылдæр æмæ 1989 азы 12 январмæ уыдис 151,4 мины. Нумæ цæрæг бинонты рæстæмбис бæрц баззад 1979 азы хуызæнæй æмæ æнæхъæнæй республикæйы у 3,8 адæймаджы, горæтты — 3,6 æмæ хъæуты — 4,3. Горæттæй бинонты бæрц тæккæ фылдæр у Дигорайы — 4,4 адæймаджы, хъæутæй Орджоникидзейы горсоветы хъæуты — 5,4 æмæ Горæтгæрон районы — 4,7 адæймаджы.

Сфыстыбæрæггæнæнтæм гæсгæ 576,6 мин адæймаджы кæнæ республикæйы æппæт цæрджыты 91,2 проценты цæрынц бинонтæй. Бинонты нымæц фæцис 1979 азæй 11,2 мины фылдæр æмæ 1989 азы 12 январмæ уыдис 151,4 мины. Нумæ цæрæг бинонты рæстæмбис бæрц баззад 1979 азы хуызæнæй æмæ æнæхъæнæй республикæйы у 3,8 адæймаджы, горæтты — 3,6 æмæ хъæуты — 4,3. Горæттæй бинонты бæрц тæккæ фылдæр у Дигорайы — 4,4 адæймаджы, хъæутæй Орджоникидзейы горсоветы хъæуты — 5,4 æмæ Горæтгæрон районы — 4,7 адæймаджы.

Сфыстыбæрæггæнæнтæ æмæ æнæхъæнæй республикæйы 1989 азы 1 январмæ æппæт цæрджытæ — 632,4 мин адæймаджы. Сæ 1979 азы 1 январмæ æппæт цæрджытæ — 592,0 мин адæймаджы. Сфыстыбæрæггæнæнтæ æмæ æнæхъæнæй республикæйы 1989 азы 1 январмæ æппæт цæрджытæ — 632,4 мин адæймаджы. Сæ 1979 азы 1 январмæ æппæт цæрджытæ — 592,0 мин адæймаджы.

45 Ирыстоны хъæбатыр фырттæ

Никитæ ДРОНОВ

Никитæ Дорофейы фырт Дронов, Советон Цæдисы Хъæбатыр, райгуырд 1900 азы 14 сентябры, Полтавæйы облæсты, Гамалиевкæйы хъæуы, зæхкусæджы хæдзары. 1911 азы йæ ныййарджытимæ æрцард Мæздæджы районы Троицкæйы станицæйы. 1918 азы каст фæцис Мæздæджы реалон училище, æмæ уыцы аз барвæндæй бацыд Сырх Æфсадмæ. Архайдта мидхæсты, дæрæн кодта урс бандæты Мæздæг æмæ Орджоникидзейы алыварсты. 1927 азы каст фæцис хæстон-политикон курсытæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæст æй æрæйнæфта, йæ ахуыр дарддæр хæццæ кодта, афтæмæй. Снысан æй кодтой партизанты-рæмудзджыты цæттæгæнæн скъолайы хæстон комиссарæй. Арæх-иу атахт знаджы чъылдымæ, партизантæн æххуыс кæнынмæ.

1943 азы каст фæци «Выстрел»-ы курсытæ æмæ йæ снысан кодтой 170-æм гвардион полчъы командирæй. 1944 азы дæлбулкъон Дронов архайдта Украинæйы, Молдавийы, Польшæйы горæттæ æмæ хъæутæ сүæгъд кæныныл хæстыты. 1944 азы 1 августы полкъ бахызт Вислайы цæугæдоны сæрты æмæ хæсты бацыд фашистон æфсæдты ныхмæ. Байстой цалдæр хъæуы, ныццагътой бирæ знæгты, уацары райстой 350 гитлероны. Уыцы сгуыхтдзинады тыххæй Никитæ Дронович сакkаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыр ном.

Хæсты фæстæ булкъон Дронов куста Бакуйы горæты æфсæддон комиссарæй. Йæ хæстон сгуыхтдзинадтæ бæрæггонд æрцыдысты Ленины дыууæ, Сырх Тырысайы цыппар, Суворовы, Сырх стъалыйы ордентæй, бирæ майдантæй.

1961 азы 5 апрелы булкъон Дронов амард. Ныгæд æрцыд Бакуйы. Йæ номыл нс уынг Троицкæйы.

КЪЕСАТЫ Астан

Къесаты Никъалайы фырт Астан райгуырд 1914 азы 11 сентябры Дигорайы, службæгæнæджы хæдзары. Ам фæцис 7 къласы, стæй та рабфак Мæскуыйы.

Хæстон-Денджызон Флоты службæ кæныны райдыдта 1933 азы. 1937 азы каст фæцис М. В. Фрунзейы номыл Уæлдæр хæстон-денджызон училище. Нысангонд æрцыд Сау денджызы флотмæ, доныбиты цæуæг лодкæйы командирæй. Фыдыбæстæйы хæсты архайдта йæ фыццаг бонтæй фæстæмæ. Къесайы-фырты «Малюткæ» 11 мæймæ 7 хатты ацыд хæстон «балцы» æмæ фæдæлдон кодта знаджы 5 транспорты, 2 хæдцæугæ баржæйы. Астан йæхи равдыста æхсарджын денджызон командирæй.

1944 азы йын саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Хæсты кæронмæ уыдис тохы цæхæры. Æдæппæтæй фæдæлдон кодта знаджы 9 науы.

Хæсты фæстæ дарддæр службæ кодта Флоты. 1953 азы каст фæцис Хæстон-Денджызон академи, ссис 1-ар ранджы капитан. Бирæ азты ахуыргæнæгæй фæкуыста Севастополы Уæлдæр хæстон-денджызон инженерон училищейы. 1970 азæй фæстæмæ уыдис отставкæйы.

Стыр ныфс æмæ лæгдзинад кæй равдыста, уый тыххæй йæ Советон хицауад схорзæхджын кодта Ленины, Сырх Тырысайы æртæ, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх стъалыйы ордентæй, майдантæй.

Къесаты Астан амард 1977 азы, 15 январы, Баныгæдтой йæ Севастополы.

Йæ ном ын хæссынц каспагахсæн траулер, Дигорайы астæуккаг скъола, уынгтæ Орджоникидзейы æмæ Дигорайы.

КОЗАТЫ Алыксандр

Советон Цæдисы Хъæбатыр Козаты Алыксандр райгуырд 1919 азы 9 октябры Хъæрæсе — Черкессийы облæсты, Хетæгкаты Къостайы хъæуы, зæхкусæджы хæдзары. Хъæуон скъолайы авд къласы сахуыр кæныны фæстæ бацыд горæт Сухумы кооперативон техникуммæ. Уырдыгæй йæ акодтой Советон Æфсады рæнхъытæм.. 1939 азы каст фæцис Орджоникидзейы фистæгæфсæддон училище, æмæ йæ æрвыстой Одессæйы æфсæддон зылдмæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уæвгæйæ, Алыксандр архайдта Кавказ, Хъырымы æрдæгсакъадах æмæ Одессæ ссæрибар кæныныл карз тохты.

Козаты Алыксандр удуæлдай тох кодта фашисттæй Цæгат Ирыстон ссæрибар кæныныл. 1943 азы январы Алыксандр ссис механизацигонд къорды сæргълæууæг. Йæ æфсæддонтимæ фашисттæм бабырста æмæ сын ныппырх кодта сæ техникæ, скуынæг кодта сæдæгай салдæттæ æмæ афицерты. Козайы-фырты къорд фыццаг бацыд Æрæфы районы Сырх Дыгуры хъæумæ, Цыколамæ, Налцыкмæ, Пятигорскмæ, Армавирмæ... 1943 азы сæрды Козайы-фырт æмæ йæ хæстонтæ архайдтой Кубань знæгтæй ссыгъдæг кæныны хæстыты.

Йæ хъæбатырдзинæдты тыххæй йын 1945 азы 29 июны лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Хæсты фæстæ каст фæцис М. В. Фрунзейы номыл æфсæддон академи æмæ дыууæ куыста ахуыргæнæгæй. Александр хорзæхджын у аст хæстон орден æмæ майдантæй.

1960 азæй фæстæмæ булкъон Козаты Алыксандр нс запасы. Цæры Мæскуыйы: Хорз бастдзинæдтæ йын нс Ирыстонимæ, республикæйы фæллойгæнджытимæ, фæсивæдимæ, ветерантимæ.

КЦОЙТЫ Петр

Хæтæлдойнæгтæ абон дæр ма хорзæй мысынц Кцойты Налыхъхъы фырт Петры. Райгуырд ацы хъæуы 1902 азы, зæхкусæджы хæдзары. Ахуыр кодта хъæуы астæуккаг скъолайы.1922—1923 азты службæ кодта ЧОН-ы. 1925 азы бацыд ÆК (б)П-йы рæнхъытæм. 1930 азы Симферополы каст фæцис рабфак. Куыста Ленинграды. 1930 азы йæ арвыстой В. И. Ленины номыл Хæстон-политикон академимæ æмæ йæ каст фæцис 1936 азы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæ ахуыргæнæгæй куыста Орджоникидзейы фистæгæфсæддон училищейы, равзæрстой йæ училищейы партион организацийы секретарæй.

1941 азы июлæй фæстæмæ Петр уыдис хæццæг æфсады. Баехджын полчъы комиссар уæвгæйæ, архайдта Ныгуылæн фронты хæстыты, уыдис Мæскуыйыл тохты. 1942 азы июлы Кцойы-фырты снысан кодтой баехджын дивизийы политхайады хицауæй. 1943-1944 азты ахуыр кодта М. В. Фрунзейы номыл хæстон академийы. 1944 азы сентябры дæлбулкъон Кцойы-фырт ссис полчъы командир. Уæгъд кодта Белоруссæм, Польшæ, архайдта Берлин райсыныл хæсты. Петры полкъ бахызт цæугæдон Вислайыл æмæ карз хæстытимæ цыдис размæ. Иу ран æртыхст фашисты стыр къордыл, ныддæраен æй кодта æмæ уацары райста 100 салдаты æмæ афицеры. Уыцы æмæ иннæ стыр сгуыхтдзинæдты тыххæй 1945 азы 24 мартъийы Кцойты Петраен саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Петры полкъ фесгуыхт Берлиныл тохты. Карз хæсты уæззау цæф фæцис æмæ амард госпитæлы 1945 азы 8 майы.

Йе стыр сгуыхтдзинæдты тыххæй йын лæвæрд æрцыд Ленины, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх Стъалыйы ордентæ, майдантæ. Хъæбатыры номыл уынг нс Орджоникидзейы.

ХЪЫБЫЗТЫ Алыксандр

Хъыбызты Никъалайы фырт Алыксандр райгуырд 1912 азы, 27 октябры, Дигорайы, зæхкусæджы хæдзары. Каст фæцис æнæххæст астæуккаг скъола æмæ куыста колхозы. Ашхабады уыдис хæдзарадон куыстыты.

Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ ацыд 1942 азы. Йæ фыццаг тох уыдис Мæскуыйы бынмæ. Уым фæцæф. Куы фæдзæбæх, уæд æй арвыстой хæдцæугæ артиллерион полкъмæ. Архайдта Курскы къæлæты карз хæстыты, ахызт Днепры сæрты, уæгъд кодта Украинæ æмæ Польшæйы горæттæ æмæ хъæутæ.

Берлиныл тохты хистæр сержант Хъыбызы-фырт уыдис хæдцæугæ сармадзаны командир. 1945 азы 16—17 апрелы ныппырх кодта 5 фашистон танчы, 3 сармадзаны, 6 пулеметы, ныццагъта 60 салдаты. Уыцы хæсты фæцис уæззау цæф. Хæсты азты Алыксандр йæ сармадзанæй ныддæраен кодта æдæппæтæй 24 танчы æмæ хæдцæугæ сармадзаны, 62 автомашинæйы, 37 пулеметы, ныццагъта 400 салдат æмæ афицеры.

1945 азы 31 майы Хъыбызты Алыксандрæн радтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Хæсты фæстæ цардис Кисловодскы. 1985 азæй фæстæмæ цæры г. Орджоникидзейы. Разæнгардæй архайы фæсивæды хæстон-патриотон æмæ интернационалон хъомылады.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты лæгдзинад кæй равдыста, уый тыххæй йын Советон хицауад саккаг кодта Ленины, Сырх Тырысайы, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх стъалыйы ордентæ, майдантæ.

Партийы уæнг у 1945 азæй.

Цыбыр хабæрттæ

САРÆН АДÆМ

Мæздæджы æнтыстджынæй кусы кооператив «Березка». Уый æнæкъуылымпыйæ æххæст кæны республикæйы арæзтадон организациты заказтæ. Курдиæттæ йæм цæуы бæстæйы бирæ рæттæй. Уæлдай æхсызгондæрæй агурынц хъæдæй конд дзаумæттæ: дуæрттæ, рудзгуыты фæлгæттæ... Æмæ сын æрвитынц. Æрæджы сæххæст кодтой Волгограды, Краснодары, Куйбышевы, Саратовы, Кæсег-Балхъары, Цæцæн-Мæхъæлы, Дагестаны арæзтадон организациты курдиæттæ.

Сæрæн адæм кусы кооперативы.

●

ЗИУТÆ

Ныр цалдæр сабаты Хъæдгæроны цæрджытæ æмгуыппæй рацæуынц зиумæ æмæ зилынц уынгтæм, æхсæнадон бынæттæм. Сæ хуыз скалдтой сæйраг уынг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, уыдоны цыртдзæвæн. Хъæуы змæлы бирæ адæм, кæмæ дзы væййы чъыры ведра, кæмæ цъылын, уисой, белтæ, халамæрæнтæ.

Хъæуы цæрджытæ ноджы æнувыддæраей бакуыстой Ленины райгуырды 120 азы кадæн Æппæтцæдисон зиуы.

●

СОВХОЗЫ ÆХХУЫС

Фарон Джызæлы совхоз «Первомайский»-ы коллектив сыгъдæг пайда райста иу милуан æмæ 500 мин сомы. Уый хæдзарады разамындæн фадат нс хъæуы организацитæн фехъуыс кæнынæн.

Зæгъæм, фарон Джызæлы совхозы механизатор Валерик Схъомыл. Каст фæцис 10 къласы уырыссаг скъолайы Бакуйы. Уый фæстæ æфсæддон скъола, райста цалдæр азы разæмæ лейтенанты цин. Ирон адæмы æхсæн нюхуы цард. Æрæджы ам уыд йæ уæлæфты рæстæг. Нæ дзы схаул ныр сыгъдæг æхсæнадон бынæтты æмæ æгъдауджытæй. Æрмæст дæр уыдис, уый дын дæ фырт бæрæг æнтыстджын.

ХЫНЦÆГТЫ Аллæ,
Ногхъæуы астæуккаг скъолайы 11-æм къласы ахуыргæнинаг.

НЫФФЫСТОЙ НÆМ ФЫЦЦАГ ХАТТ

ЦÆМÆН АФТÆ КÆНÆМ?

Мæнмæ дæр сæвзæры алыхуызон хъуыдытæ не 'гъдæутты тыххæй, æрсагъæс кæнын, бирæ цыдæртæ кæй нæ зонын, ууыл. Тынг цымыдисаг есис ацы фæстаг рæстæг газет «Рæстдзинад». Уæлдай тынгдæр та мæ зæрдæмæ цæуы нæ фыдæлтыккон æгъдæутты тыххæй кæсын. Бирæ хæттыты бафæрсын æз нæ хъæуы хистæрты, мæ зæрдæмæ тынгдæр цы æгъдæуттæ цæуы, уыдонæй. Фæлæ ну аххосаг уый у, æмæ арæх уыдон дæр дзурæг куыд кæнынц, афтæ сæ æххæст нæ кæнынц сахæдæг. Æмæ уæд мах та, æрыгон фæлтæр, кæцæй зонæм нæ рагон хъæугæ æмæ ахсджиаг æгъдæуттæ.

Арæх хистæр сылгоймæгтæй фехъусын, зæгъгæ-ну чындз куы æрхастой, уæд-ну æнæхъæн къуыри хъаст нæ райхæлд. Чындз та хъуамæ йæ сæрмагонд бынаты лæууыданд æфсæрмдзæстæй. Мæ цæстытыл уайы, æрмæст уайы, уынгæ никуы фæкодтон, ахæм хъæлдзæгдзинад: фæсивæд кафынц, зарынц, лæггад кæнынц хистæртæн, лæгъстæ кæнын сын нæ хъæуы кафынмæ рахизынæн. Ныртæккæ уыдон фыны фенæгау сты. Фæндыры зæлтæ бирæ цындзинады хъуегæ дæр нæ фæкæндзынæ, фæсивæд фæскъуымтæй расыгæй сæ хæдзæрттæм апырх væййынц.

Æвæццæгæн, фæсивæд уым бынтон ахъаддзын нс сты. Нæ хистæртæ сæ куы æххæст кæниккой, уæд сæ мах дæр уынеккам æмæ сыл ахуыр кæниккам. Мæнæн хъыг у, ирон адæм сæ чындзæхсæвы фæтк æндæр адæмты æнгæс кæй кæнынц. Мах куы ничи фæсмы, уæд мах, ирон адæм, цæмæн тыхсæм æмæ æппæраем нæ рæсугъд æгъдæуттæ? Ирон чындзæхсæвæй та ма рæсугъддæр цы уа! Уæд æй æндæр нацины чындзæхсæвты хуызæн цæмæн æрахъæн рестораны æмæ æндæр бынæтты? Цæмæй æвзæр уыд, лæппу йæ хистæртæй æфсæрмы кæй кодта æмæ йæ чындзæхсæвы бон йе 'рдхæрдтæй нскæмæ кæй уыди, уый. Ныр та ногуспжын æфсæрмы нал зоны æмæ кæрты рацу-бацу фæкæны. Уыдæттæ куы ферох кодтой, уæдæй фæстæмæ нал нс уаг æмæ æфсарм фæсивæдмæ.

Абон 15—18 азы цы фæсивæдыл сæххæст, уыдон сæ хистæртыл куы нæ сахуыр уой æгъдауыл, уæд кæцæй хъуамæ зоной алцыппæт. Уымæ гæсгæ нæ бирæ рæсугъд æгъдæуттæ рох кæнынц. Иу куывдмæ, ну авдæнбæттæнмæ нал цæуæм æнæ лæвæрттæ æмæ æхца бафидгæйæ. Кæд дæм нæй, уæд цæугæ дæр ма кæн! Æз мæ хистæртæй фехъуыстон, зæгъгæ-ну, лæппу æфсадмæ куы цыди, уæд-ну мысайнаг радтой 3 сомы, фæлæ фæстæмæ сыздæхæ æмæ ма йын йæ куывды æхцатæ æмбырд кæной, уый нæ уыди. Ныр та бирæ бинонтæ уымæй дæр пайда кæнынц. Иу адæймаг дæр нæма скодта «лæвар» куывд. Æрхонынц бирæ адæм, фылдæр хатт сыл æххæстгæ дæр нæ фæкæнынц, фæлæ уыдонæй алчидæр 10—15 сомы аргъ уаздæр væййы æмæ уымæн фæуадзæн куыд нс?! Хæдзары хицау бавдæлы æмæ хуынд адæмы рабадын кæны, сæрд уа, зымæг уа, кæрты. Хæснагæн иу кæстæр не ссардзынæ лæггад кæнынæн, ныр дыгур алæууæгæн. Фæлтау уыдон сæхи байсдзысты мидæмæ сыгъдæг агъуыстытæм æмæ уым дзидзджын сты ли фарсмæ æрбаддзысты.

Цæмæн афтæ кæнæм? Цæмæн хæссæм ахæм æгадгæнæг митæ нæ сæрмæ? Æз сидын ме 'мгар фæсивæдмæ, цæмæй тох кæной æгъдауджытыл ныхмæ. Абон мах нæ хистæртæн кад куы нæ кæнæм, уæд нæхи дæр уырдæм хъæуы. Дзæгъæлы нæ заегъы ирон æмбисонд: «Дæ фыдæн цы фæуай, уый дын дæ фырт бæрæггæн».

ХЫНЦÆГТЫ Аллæ,
Ногхъæуы астæуккаг скъолайы 11-æм къласы ахуыргæнинаг.

ÆРЦЫДТÆН АХÆМ ХЪУЫДЫМÆ

Мах алы аз дæр исæм «Рæстдзинад». Мæнмæ ницы ахуыргонддзинад нс, фыссын рæдыдтимæ. Фæлæ не 'скæндзæн ахæм рæстæг, æмæ ма бакæсон кæронмæ газет «Рæстдзинад». Мæнæ Кцойты Астемыры уацхъуыд та 16 февралы бакастæн

полчы командирæй. 1944 азы дæлбулкъон Дронов архайдта Украинæйы, Молдавийы, Польшæйы горæттæ æмæ хъæуты суæгъд кæныныл хæстыты. 1944 азы 1 августы полкъ бахызт Вислæйы цæугæдоны сæрты æмæ хæсты бацыд фашистон æфсæдты ныхмæ. Байстой цалдæр хъæуы, ныццагътой бирæ знæгты, уацары райстой 350 гитлероны. Уыцы сгуыхтдзинады тыххæй Никитæ Дронов æн саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыр ном.

Хæсты фæстæ булкъон Дронов куыста Бакуйы горæты æфсæдон комиссар. Йæ хæстон сгуыхтдзинæдтæ бæрæггонд герцыдысты Ленины дыууæ, Сырх Тырысайы цыппар, Суворовы, Сырх стъалыйы ордентæй, бирæ майдантæй.

1961 азы 5 апрелы булкъон Дронов амард. Ныгæд æрцыд Бакуйы. Йæ номыл нс уынг Троицкæйы.

науы.

Хæсты фæстæ дарддæр службæ кодта Флоты. 1953 азы каст фæцис Хæстон-Денджызон академи, сснс 1-аг ранджы капитан. Бирæ азты ахуыргæнæгæй фæкуыста Севастополы Уæлдæр хæстон-денджызон инженерон училищейы. 1970 азæй фæстæмæ уыдис отставкайы.

Стыр ныфс æмæ лæгдзинад кæй равдыста, уый тыххæй йæ Советон хицауад схорзæхджын кодта Ленины, Сырх Тырысайы æртæ, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх стъалыйы ордентæй, майдантæй.

Къесаты Астан амард 1977 азы, 15 январы, Баныгæдтой йæ Севастополы.

Йæ ном ын хæссынц кæсгæ-æхсæн траулер, Дигорайы астæуккаг скъола, уынгтæ Орджоникидзейы æмæ Дигорайы.

сæдæгай салдæттæ æмæ афицерты. Козайы-фырты къорд фыццаг бацыд Æрæфы районы Сырх Дыгуры хъæумæ, Цыколамæ, Налцыкмæ, Пятигорскмæ, Армавирмæ... 1943 азы сæрды Козайы-фырт æмæ йæ хæстонтæ архайдтой Кубань знæгтæй ссыгъдæг кæныны хæстыты.

Йæ хъæбатырдзинæдты тыххæй йын 1945 азы 29 июны лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Хæсты фæстæ каст фæцис М. В. Фрунзейы номыл æфсæддон академи æмæ дзы куыста ахуыргæнæгæй. Аликсандр хорзæхджын у аст хæстон орден æмæ майдантæй.

1960 азæй фæстæмæ булкъон Козаты Аликсандр нс запасы. Цæры Мæскуыйы: Хорз бастдзинæдтæ йын нс Ирыстонимæ, республикæйы фæллойгæнджытимæ, фæсивæдимæ, ветерантимæ.

номыл хæстон академийы. 1944 азы сентябры дæлбулкъон Кцойы-фырт сснс полчы командир. Уæгъд кодта Белорусси, Польшæ, архайдта Берлин райсыныл хæсты. Петры полкъ бахызт цæугæдон Вислæйыл æмæ карз хæстытимæ цыдис размæ. Иу ран æртыхст фашистты стыр къордыл, ныддаræн æй кодта æмæ уацары райста 100 салдаты æмæ афицеры. Уыцы æмæ иннæ стыр сгуыхтдзинæдты тыххæй 1945 азы 24 мартъийы Кцойты Петраен саккаг кодтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Петры полкъ фесгуыхт Берлиныл тохты. Карз хæсты уæззау цæф фæцис æмæ амард госпитæлы 1945 азы 8 майы.

Йе стыр сгуыхтдзинæдты тыххæй йын лæвæрд æрцыд Ленины, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх Стъалыйы ордентæ, майдантæ. Хъæбатыры номыл уынг нс Орджоникидзейы.

кодта æдæппæтæй 24 танчы æмæ хæдцæугæ сармадзаны, 62 автомашинайы, 37 пулеметы, ныццагъта 400 салдат æмæ афицеры.

1945 азы 31 майы Хъибызты Аликсандраен радтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Хæсты фæстæ цардис Кисловодскы. 1985 азæй фæстæмæ цæры г. Орджоникидзейы. Разæнгардæй архайы фæсивæды хæстон-патриотон æмæ интернационалон хъомылады.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты лæгдзинад кæй равдыста, уый тыххæй йын Советон хицауад саккаг кодта Ленины, Сырх Тырысайы, Фыдыбæстæйы хæсты, Сырх стъалыйы ордентæ, майдантæ.

Партийы уæнг у 1945 азæй.

СОВХОЗЫ ÆХХУЫС

Фарон Джызæлы совхоз «Первомайский»-ы коллектив сыгъдæг пайда райста иу милуан æмæ 500 мин сомы. Уый хæдзарады разамындæн фадат нс хъæуы организацитæн фехъуыс кæнынæн.

Зæгъæм, фарон Джызæлы 2-æм астæуккаг скъолайæн радта 26 мин сомы. Ацы аз та дыууæ скъолайæн радих кодта 70 мин сомы. Уымæй уæлдай ма 10 мин сомы схардз кæндзæн. Джызæлы ансамбль «Арт» г. Киевы фестивалмæ куы цæуа, уæд.

Уый бæрц æхцæтæ ауагъта хъæуы милицæйæн, стæй тагъд медицинон æхххуысы хайадæн. Æппæт уыцы хъуыддæгты ацы совхоз бафæзминаг у иннæ хæдзарæдтæн.

●

ÆХСЫЗГОНÆЙ

Æрæджы Хъызлары адæмон театры коллектив сфæлдыстадон балцы уыдис æфсымæрон Дагестаны Бабаюртовы районы. Уым равдыстой спектакль хъуымыхъхъаг æвзагыл Сæвæрдта йæ театры режиссер П. Дадов. Спектакль тынг фæцыд фысымты зæрдæмæ.

Уый фæстæ та Хъызлармæ æрбацæуд Бабаюртовы районы эстрадæ æмæ цирчы аивады адæмон коллектив. Сæ концерттæм сын æхсызгонæй бакастысты районы иннæ хъæуты фæллойгæнджытæ дæр. Адæм сæ баззадысты стыр бузныгæй.

хъыг у, ирон адæм сæ чындзæхсæвы фæтк æндæр адæмты æнгæс кæй кæнынц. Мах куы ничи фæзмы, уæд мах, ирон адæм, цæмæн тыхсæм æмæ æппарæм нæ рæсугъд æгъдæуттæ? Ирон чындзæхсæвæй та ма рæсугъддæр цы уа! Уæд æй æндæр нациты чындзæхсæвты хуызæн цæмæн áразæм рестораны æмæ æндæр бынæтты? Цæмæй æвзæр уыд, ларпу йæ хистæртæй æфсæрмы кæй кодта æмæ йæ чындзæх-

Цæмæн афтæ кæнæм? Цæмæн хæссæм ахæм æгадгæнæг митæ нæ сæрмæ? Æз сидзын ме 'мгар фæсивæдмæ, цæмæй тох кæной æгъдæухалдиты ныхмæ. Абон мах нæ хистæртæн кад куы нæ кæнæм, уæд иæхи дæр уырдæм хъæуы. Дзæгъæлы нæ зæгъы ирон æмбисонд: «Дæ фыдæн цы фæуай, уый дын дæ фырт бафиддзæн».

ХЫНЦÆГТЫ Аллæ,
Ногхъæуы астæуккаг скъолайы 11-æм къласы ахуыргæнинаг.

ÆРЦЫДТÆН АХÆМ ХЪУЫДЫМÆ

Мах алы аз дæр исæм «Рæстдзинад». Мæнмæ ницы ахуыргонддзинад нс, фыссын рæдыдтимæ. Фæлæ не 'скæндæн ахæм рæстæг, æмæ ма бакæсон кæронмæ газет «Рæстдзинад». Мæнæ Кцойты Астемыры уацхъуыд та 16 февралы бакастæн «Уæрæседзаутæ». Раст зæгъы, цæмæн хъæуы тыхдзырд кæныл уырыссагау дæхи æмхуызон иронимæ. Фæлæ, хъигагæн, афæдз æндæр горæты чи фæцæры, уый иронау хорз нал фæдзуры.

Мæ фыды æфсымæры лæппу Тембот Бакумæ ацыд цæрынмæ 1947 азы, æрхаста хуымæлæггаг Ælбегаты чызджы. Уым сын райгуырд лæппу Валерик. Схъомыл. Каст фæцис 10 къласы уырыссаг скъолайы Бакуйы. Уый фæстæ æфсæддон скъола, райста цалдæр азы размæ лейтенанты цин. Ирон адæмы æхсæн никуы цард. Æрæджы ам уыд йæ уæлæфты рæстæг. Нæ дзы схауд ну уырыссаг чыхæ мæхимæ дзургæйæ. Æмæ бирæ фæхъуыдыйы фæстæ æрцыдтæн ахæм хъуыдымæ; нс æм ирон æгъдау, ирон туг, Ирыстонæй дард уæвгæйæ йæ ныййарджытæ сæ ироидзинадыл стырæрдæг нæ кæнынц.

ДЗГОЙТЫ Тепсарыхъо,
Заманхъул.

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ
ПАДДЗАХАДОН ДРАМОН ТЕАТР



27, 28, 29 апрелы
ПРЕМЬЕРÆ
Айларты А. пьесæмæ гæсгæ спектакль
«КÆДÆМ ТÆХÆМ?»
Режиссер — Мерденты М.
Нывгæнæг — Къубалты А.
Композитор — Махъоты А.
Спектаклы райдайæн — изæры авд сахат.

ЦÆРУКЪАТЫ Аликсандр

БÆХЫ АЗ–1990

Барцджын бæхтæ растдæр — згъоргæ мæйтæ, хуртæ,—
Арвы къултыл апырх дугъæтты рæгъау:
Чи — мыстхъуын, чи — тарбын, урсдымджытæ, буртæ,
Халасцъæх, нгæрхуыз, хъулонфæрстæ, сау.

Уыдонæн сæ тахтæй уаддымгæ куы сысты,
Фындзыхъæлтæн се 'хситт, цæфхæдты цæхæр...
Удайсты фæдисты сæфты хай уыдысты,
Хæстыты быныскъуыд — раджыйау ныр дæр...

Адæймæгты сæртæ — гомдæндаг къуыдыртæ,
Згæком цирхъ, æхсаргард, згъæллаггом, йæ цъæт...
Стæгдарты рæдзæгъдтæй — дзаг нæ тыгъд быдыртæ,—
Дзæгъæлы кæм ардтой сагсуртæ мæлæт.

Бон пæрпæр бæлæттæ — хъæдбынты сæ удтæ,
Фестынц кæд æхсæв та стъалыбардз уæлвонг.
Рухскалгæ цыма нæм абухæг æфсургътæ
Рагтаурæгътæй, мифтæй — рахизын æввонг.

Читæ сты Дур-дура, уæд Æрфæн, нæ нæртон,
Хъэндзалнуар фæстæгтыл слæууыд Буцефал.
Разынд Холстомер дзы мигъвæлмы æд уæрдон,
Не 'нæрцæф Алор та — узгæ сирд, цануал...

Азылд Дзыпдзаласа иуырдæм тæссæртты,
Стындзы Россинант æм æврæгъты гуылфæй.
Сивгъуыдта сырх тæппау уым Буян уæлдæрты,
Аладзыд фæздæджы зилахар хуылфæй.

Базырджын Пегасæн Мерани — йæ фæстæ,
Фатæхстау Парнасмæ сарæзтой сæ ных.
Уæд Кеке-Галзан нын фесхуыста æдæрсгæ,
Суры йæ Лыско дæр, даргъбецыкк тæрных...

Номдзыд хайуан, демæ мах æмдзæр, æмдзу стæм...
Хизынмæ Цъæззинумæ саргъистæй цæуай!
Адæмты 'хсæн хорзы уацхæссæг æнустæм
Ардыгæй фæстæмæ фарнимæ фæуай!

Гутоныл — æвæллай, дард балцы — фæндагзон,
Арвгæрæтты мид-мус — хъазынæн фæзуат.
Искуы кæд дæу уайгæ де 'фцæгæй æрцахсон, —
Агурæг цæудзынæн ног нысан, сæрфат!

МÆСКУЫ. Сывæллæтты хъазæнты равдыст æрæджы байгом Сырх Пресняйы равдыстыты комплексы. Равдысты архайынц бæстæйы хуыздæр кооперативтæ æмæ итайлаг компани «Еуроспорт».

КЪАМЫ: равдысты залтæй иуы.
В. СОЗИНОВЫ ист къам.
СЦТА-йы фотохроникæ.

Знон йæ куыст дарддæр кодта Цæгат Ирыстоны АССР-йы дыууадæсæм равзæрст Сæйраг Советы дыккаг сесси. Номыры — æрмæг сессийы куыстæй.

Газет мыхуыр кæны æрмæг Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджыты ныхасæй ахæм сæргондимæ «Зæххыл цы стырдæр тох æрцыд»...

Бесланы нартхоры комбинаты коммунисты дзуапдæттæн-æвзарæн æмбырдæй фыссы С. Волковиницер.

Номыры — Цæгат Ирыстоны АССР-йы 1989 азы адæмы Æппæтцæдисон сфыссты сæйраг фæстиуджыты тыххæй Цæгат Ирыстоны Статистикæйы республикон управленийы хъусынгæнинаг, æндæр æрмæг.

362015 — ЦИАССР,
г. Орджоникидзе,
Тбилисы уынг, 98.
«Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:

◆ Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
◆ Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
◆ Бæрнон секретарь — 5-44-37.
◆ Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.
ХАЙÆДТÆ:
◆ Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
◆ Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
◆ Индустрион-экономикон — 5-45-31.
◆ Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
◆ Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
◆ Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
◆ Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
◆ Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
◆ Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
◆ Корректортæ — 5-67-03.
◆ Изæрон редакци — 5-35-71.
◆ Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз
250 хатты, къуыри та—
фондз хатты.
Индекс — 53901.
1

ЕИ 01898.
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ № 236.

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи, 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.